## Фӏыщӏэмрэ гущӏэгъумрэ зыхэлъ Аллыхьышхуэм ицӏэкӏэ

### Нэщӏым къикӏыр!
Хьэрыпыбзэм деж нэщӏым (الصيام) къикӏыр: зыщыдзеин, къэгъанэн.
Шэригьэтым деж абы и мэгьэнэр: шхынымрэ, ифынымрэ, адрей нэщӏыр зыкъутэхэмрэ, Аллыхьышхуэм ицӏэкӏэ къэбгъанэныр пщэдджыжь пшэплъ пэжыр дыгъэкъуэкӏыпӏ эм къыщытридзэм къыщыщӏэдзауэ , дыгъэр къуэхьэху.

### Нэщӏым и пкъэу нэхъыщхьэхэр!
1. Нет гукӏэ пщӏыныр.
2. Нэщӏыр зыкъутэхэр къэбгъанэныр.

### Нэщӏым и нет лӏэужьыгъуэхэр!
1.Нэщӏ фарзым и нетыр: жэщым щыщӏэдзауэ уигу илъын хуейщ , нэху укъекӏмэ узэрынэщӏынур. Нэщӏ мазэм ипэм деж нет пщӏы хъунущ мазэ псом узэрынэщӏынур. Нетыр гукӏэщ зэрыпщӏынур, къэбупсэлъ хъунукъым. Нетыр къэупсэлъыныр диным щымыщу къыхэхьам щыщщ.
2. Псапэ нэщӏым инетыр: махуэм икӏуэцӏкӏэ сыт щыгъуи нет ищӏмэ хъунущ , пщэдджыжьым щыщӏэдзауэ нэщӏыр зыкъутэ пари имыщӏауэ щытмэ. Ауэ псапэр къыщыхуэкӏуэр, нет щищӏам къыщыщӏэдзауэщ.

### Нэщӏ лӏэужьыгъуэу щыӏэхэр!
1. Фарз нэщӏыр. Абы хохьэр ( Рэмэзан мазэр, гуэныхь зыгуэрхэр зэрыпшыныж нэщӏыр ( кэффарэ), зытепӏ уэжа нэщӏыр (нэзр).
2. Псапэ нэщӏыр.

### Нэщӏмазэм унэщӏыным и шэртӏ хэр(условия)!
1. Муслимэну ущытыныр.
2. Акъыл уиӏэныр.
3. Бэлигъ ухъуныр.
4. Щӏыпӏэ узыщыпсэум ущыӏэныр. Гъуэгурыкӏуэм нэщӏ къытехуэкъым, ауэ нэщӏмэ нэхъыфӏщ хузэфӏэкӏ мэ, псапэкӏи, псынщӏагъэкӏи, уипщэрылъри игъуэм ипха мэхъур, аращ Бегъымбарми (صلى الله عليه و سلم) ищӏэу зэрыщытар.
5. Узыншэу ущытыныр.
6. Бзылъхугъэм мазэ къэс къыхуэкӏуэ лъымрэ, лъхуа нэужь къыхуэкӏуэмрэ щигъэтыжауэ щытын хуейщ.



### Нэщӏ мазэм сымаджэр!
Нэщӏмазэм сымаджэр гуэшащ:
1. Уз мыхъужын зытелъыр (хронический) жыхуиӏэр. Абы хохьэр зи ныбжьыр хуабжьу хэкӏуэтари. Мыхэм нэщӏ къатехуэкъым, атӏэ нэщӏ махуэу дагъэхуам хуэдиз тхьэмыщкӏэ ягъэшхэж. Тхьэмыщкӏэхэр зэхуишэсу игъашхэми хъунущ, ирискъыкӏэ яхуигуэшми хъунущ. Нэрыбгэ къэс гуэдзу( прунж, нартыху, хугу...) зы сагьым иӏыхьэ плӏанэ (1 кг. 100г.) яритын хуейщ. Дагъэ, лы дищӏ ыгъуми нэхъыфӏыжщ .
2. Уз хъужын зытелъхэр. Абы хохьэр бзылъхугъэм мазэ къэс лъы къыхуэкӏуэр къыщыхуэкӏ уэм деж е лъхуа нэужь лъы къакӏуэу щытмэ. А лӏэужьыгъуэм щыщщ сабий зыгъашхэ фызри, гъуэгурыкӏуэхэри. Ахэм псоми, блэкӏ а махуэхэр нэщӏмазэ нэужьым япшыныж. Япшыныжын яхущӏэмыхьэу дунейм ехыжамэ , къахуогъу.

### Нэщӏмазэр къызэрихьам инэгъыщэхэр!
1. Мазэщӏэр къэунэхун хуейщ.
2. Мазэщӏэр къыкъуэмыкӏмэ шэгьбан мазэр махуэ пщӏищ ирибогъэкъу.

### Нэщӏыр зыкъутэхэр!
1. Махуэм пцӏыхуу ушхэн е уефэн. Щыгъупщэу ар зыщӏам инэщӏыр къутэкъым.
2. Нэщӏ къыптехуэу , нэщӏмазэ махуэм уи щхьэгъусэм уекӏуэлӏэныр . Апхуэдэ зыщӏам къытохуэр кэффарэ (штраф), пщылӏым щхьэхуитыныгъэ иритыну, хузэфӏэмыкӏмэ мазитӏк ӏэ зэпыту нэщӏыну, хузэфӏэмыкӏмэ тхьэмыщк ӏэу тӏощӏищ игъэшхэн хуейщ.
3. Цӏыхухъум ипсыр къикӏамэ, ищхьэгъусэм ӏ эплӏэ хуищӏам е ебэуам ипкъ къикӏкӏэ.
4. Ирискъым пэхъу хущхъуэ (глюкоза,...) захилъхьауэ щытмэ. Ауэ мастэ зыхилъхьам къару къыримытмэ , инэщӏыр къутэкъым.
5. Хьиджамэ ( кровопускание ) ищӏмэ. Ауэ ӏ эпэм лъы мащӏэ тӏэкӏу хашмэ нэщӏыр къутэкъым.
6. Езым зыкъигъэжьыжмэ .
7. Бзылъхугъэм мазэ къэс къыхуэкӏуэ лъыр къыхуэкӏуэмэ е лъхуа нэужь къакӏуэ лъыр къакӏуэмэ.



### Нэщӏ цӏыхум ищӏэмэ псапэ зыхэлъхэр!
1. Сэращ шхэныр.
2. Сэращыр бгъэкӏасэныр.
3. Хэщхьэжыгъуэр бгъэпасэныр.
4. Хъурмэ ( финик ) цӏынэкӏэ хэщхьэжыныр , имыгъуэтмэ гъэгъуамкӏэ , имыгъуэтмэ псыкӏэ, зырикӏ зэрыхэщхьэжын имыгъуэтмэ игукӏэ нет ещӏыр нэщӏым зэрикӏыжымкӏэ.
5.Хэщхьэжыгъуэм дугьэ ищӏыныр, апхуэдэ къабзэу махуэм икӏыхьагъкӏи дугьэ ищӏыныр.
6. Сэдэкъэ тхьэмыщкӏэм ептыныр.
7. Жэщ нэмэзым ( къияму лейл ) уегугъуныр.
8. Къурӏэн уеджэныр.
9. Хьэж цӏыкӏу (гьумрэ) къэпщӏыныр .
10. Къыпщыхьа цӏыхум уемыдауэу « сэ сынэщ ӏщ» жепӏэныр.
11.Къэдэр жэщым укӏэлъыплъыныр. Гьибадэт блэжьыныр.
12. Нэщӏмазэм икӏэрей махуипщӏым « игьтикаф» пщӏыныр ( мэжджытым укъыщӏ эмыкӏыу гьибадэт пщӏыуэ ущӏэсыныр ).

### Нэщӏ исым имыщӏэмэ нэхъыфӏ
1. Абдез къыщищтэкӏэ ижьэмрэ , ипэмрэ псы щыжьэдигъэжыхькӏэ иримыгъэлеймэ нэхъыфӏщ.
2. Шхыныр шугъэрэ мышурэ зэхигъэкӏыну ирискъыр ибзэгум нимыгъэсмэ нэхъыфӏщ , хуэныкъуэу щымытмэ.

Нэщӏ исым иӏупсыр иригъэтӏрэх хъунущ , ирискъыр бзэгукӏэ шугъэрэ мышурэ зэхигъэкӏ мэхъу хуэныкъуэу щытмэ, зигъэпскӏ ,идзэр илъэщӏ мэхъур.

### Нэщӏ исым ищӏэ мыхъунухэр!
1. ӏупс бзаджэр ищӏэу иригъэх хъунукъым , ауэ абы нэщӏыр икъутэкъым.
2. Ищхьэгъусэм ебауэ хъунукъым , зызэримышыӏэфынур ищӏэу , инэщӏыр икъутэнкӏэ тешыныхьу щытмэ.
3. Псалъэ гуэныхь зыхэлъ жиӏэныр.
4. ӏуэху гуэныхь зыхэлъ ищӏэныр.
5. Хэмыщхьэжу махуитӏ зэпищэныр.

## Псапэнэшl махуэхэр!

1. Шэгьбан мазэм щыщу махуих унэщlыныр, нэщlмазэм унэщlа нэужь. Нэхъыфlыр а махуихыр , гьидмахуэ нэужьым зэуэ зэпыту унэщlмэнэщ.
2. Гьэрэфэ махуэм унэщlыныр, хьэж къэзыщlым мыхъумэ.
3. Гьашура махуэм , ипэ ит махуэри, къыкl элъыкlуэ махуэри щlыгъуу унэщlыныр.
4. Блыщхьэмрэ, махуэкумрэ унэщlыныр. Блыщхьэм унэщlыным ипсапэр нэхъ инщ.
5. Мусылмэн мазэ къэс махуищ унэщlыныр. А махуэхэр мазэм и 13,14,15- хэр арщ.
6. Зы махуэ унэщlмэ, адрейр дэбгъэхуурэ унэщlыныр .
7. Мухьэрэм мазэм унэщlыныр.
8. Зуль-Хьиджджа мазэм ипэрей махуибгъум унэщlыныр.
9. Шэгьбан мазэм инэхъыбэм унэщlыныр.

## Умынэщlмэ щынэхъыфl махуэхэр!

Мэрем ( джумгьэ ) махуэмрэ, щэбэт махуэмрэ, тхьэмахуэмрэ язакъуэу умынэщlмэ нэхъыфlщ. Ауэ а махуэхэр псапэ махуэхэм техуэмэ, язакъуэу унэщlми хъунущ.

## Унэщl щымыхъунухэр!

1. Рэджэб мазэм изакъуэ къыхэгъэщауэ унэщl ыныр.
2. Шэч зыхэлъ махуэм унэщlыныр. ( Ар гьид махуэрэ, мыгьид махуэрэ зэхэмыкlа махуэр арщ ). Ауэ псапэ махуэхэм нэщlым имахуэхэр а махуэхэм техуамэ гуэныхь иlэкъым.
3. Гьидмахуитlым унэщlыныр.
4. Къурмэн гьидым къыкlэлъыкlуэ махуищым унэщlыныр. Хьэжым щыlэу къурмэн ищlын зымыгъуэтам мыхъумэ.
5. Зэпыту махуэ къэс унэщlыныр.

Нэщlмазэм пфlыдэхуа махуэхэр зэкlэлъхьэпыту быпшыныжмэ нэхъыфlщ. Умыгъэгувэу зэуэ пшыныжыным яужь уихьэмэ нэхъыфlщ. Адрей нэщlмазэр къэсыху пшыныжыныр бгъэгувэ хъунукъым. Щхьэусыгъуэншэу адрей нэщlмазэр къэсыху игъэгувэмэ гуныхь къехь. Ауэ фlыблэкlа махуэхэр ипшыныжын фlэгъэкl а нэмыщl зырикl къытехуэкъым.



## Бытырыр!

Бытырыр къытохуэр дэтхэнэ мусылмэну , псэ lуту нэщlмазэм икlэрей махуэм идыгъэр къуэмыхьэ щl ыкlэ хиубыдауэ хъуам. Ахэм езыхэми, ябынхэми яшхыну яхурикъум , нэрыбгэ къэс сагь зэрыз щхьэщатыкlын хуэдиз къелмэ.

## Бытырым мэгьэнэу иlэр!

1. Нэщlам гуэныхь къыlэщlэщlыхьар егъэгъу, инэщ lыр хуегъэкъабзэж.
2.Мусылмэн тхьэмыщкlэхэм яшхын яlэу, мыхъуапсэхэу мэхъур а махуэм.

## Бытырым иуахътыр!

1. Гьид махуэм зы махуэ, махуитl ипэ къихуэу быт мэхъур.
2. Ауэ гьид махуэм ипщэдджыжь нэмэзымрэ , гьид нэмэзымрэ яку къыдэхуэу бытмэ нэхъ псапэщ. Бытырым иуахътыр йокlыр гьид нэмэз нэужьым.

## Бытырыр зэрыхъур!

Хэгъуэгум щашх ирискъым щыщу зы сагь нэрыбгэ къэс щхьэщыптыкlын хуейщ. Ахъшэкlэ быт хъунукъым . Зы сагьыр 2кг. 40 гр. , гуэдзкlэ къапщтэмэ.

## Гьид нэмэзыр!

Гьид нэмэзыр фарзу дэтхэнэ мусылмэн акъылбалигьми къытохуэр. Дыгъэр гаризонтым зы lэблэ хуэдизкlэ къыдэкlуэтеймэ гьид нэмэзым иуахътыр къихьащ. Гьид нэмэзыр дэзыгъэхуам ипшыныжкъым. Езы нэмэзыр губгъуэм щыпщlмэ нэхъ псапэщ , ауэ мэжджытым щыпщlми хъунущ. Унэм къыщl эмыкl щlыкlэ хъурмэ зыбжанэ ( нечётнэу)пшхыныр псапэщ. Зыгъуэгукlэ укlуэу, нэмыщlкlэ укъакl уэжынри, зыбгъэкъабзэнри, щыгъын дахэ щыптl агъэнри, дыху зытепкlэнри псапэщ. Гьидымкlэ мусылмэным уехъуэхъу хъунущ «фэри, дэри динэщl хэри, динэмэзхэри Аллыхьым къабыл ищl » жыпlэу. Тэкбирхэр гьид жэщми , гьид махуэми дыгъэр къухьэху къэпхьыныр сунэтым щыщщ. Тэкбирхэм яжыlэкlэр:« Аллахуу lэкбэр, Аллахуу lэкбэр, ла илахьэ иллэ Ллаху, Аллахуу lэкбэр, Аллахуу lэкбэр, уэ лиЛлахил хьэмд ».
Гьид нэмэзыр рэкгьэтитl мэхъур, икlи гьид хъутlбэм ипэ къихуэу ящl. Япэрей рэкгьэтым lихьрам тэкбирым иужькlэ тэкбирих ещlыр, етlуанэ рэкгьэтым « lэлхьэмд» сурэм еджэн щlимыдзэ щlыкlэ тэкбиритху ещlыр. Ар етlуанэ рэкгьэтым къыщытэджыжым жиlэ тэкбирыр хэмыту.



باللغة الشركسية

# فقه
# الصيام

رمضان

هيثم بن محمد جميل سرحان
المدرس بمعهد الحرم بالمسجد النبوي

www.alsarhaan.com